Dwa Ou Yo
Enfòmasyon Ou Yo
Responsablite Nou

Responsab Konfidansyalite HHSA
M/S W-294
Bwat Postal 85524
San Diego, CA 92186
619-237-8571
www.cosdcompliance.org

Avi sa a dekri kijan yo ka itilize ak divilge enfòmasyon sou sante ou ak kijan ou kapab jwenn aksè nan enfòmasyon sa yo.

Tanpri, li li avèk anpil atansyon

Dwa Ou Yo

Lè se enfòmasyon sou sante ou, ou gen sèten dwa. Seksyon sa a esplike dwa ou yo ak kèk nan responsablite nou genyen pou ede ou:

Jwenn yon kopi elektwonik oswa yon kopi sou papye dosye medikal ou	• Ou kapab mande pou wè oswa jwenn yon kopi elektwonik oswa yon kopi sou papye dosye medikal ou ak lòt enfòmasyon sou sante ou nou genyen. Mande nou kijan pou fè sa. • N ap ba ou yon kopi enfòmasyon sou sante ou, anjeneral nan 30 jou apre ou fin fè demann ou an. Nou ka mande ou peye yon frè rezonab ki baze sou depans yo. • Ou ka kapab jwenn aksè nan dosye medikal ou atravè yon “pòtay pasyan.”
Mande nou korije dosye medikal ou	• Ou kapab mande nou korije enfòmasyon sou sante ou ou panse ki pa kòrèk oswa ki pa konplè. Mande nou kijan pou fè sa. • Nou ka di “non” pou demann ou an, men si nou di non, n ap fè ou konnen rezon an alekri nan 60 jou.
Mande pou kominikasyon yo rete konfidansyèl	• Ou kapab mande nou kontakte ou yon fason espesifik (pa egzanp, nan telefòn lakay ou oswa nan biwo ou) oswa voye kourye nan yon lòt adrès. • N ap di “wi” pou tout demann rezonab.
Mande nou limite sa nou itilize oswa pataje	• Ou kapab mande nou pou nou pa itilize oswa pataje sèten enfòmasyon sou sante ou pou tretman, peman oswa aktivite nou yo. • Nou pa oblije aksepte demann ou an, epi nou ka di “non” si sa ta afekte swen ou yo. • Si ou peye tout frè yon sèvis oswa yon atik swen sante ak pwòp lajan ou, ou kapab mande nou pou nou pa pataje enfòmasyon sa yo ak konpayi asirans sante ou pou rezon peman oswa pou aktivite nou yo. • N ap di “wi” sof si yon lwa egzije nou pataje enfòmasyon sa yo.

Jwenn yon lis moun oswa òganizasyon nou te pataje enfòmasyon avèk yo	• Ou kapab mande yon lis (yon rapò detaye) ki montre chak fwa nou te pataje enfòmasyon sou sante ou pandan twa ane anvan dat ou fè demann lan, ak kiyès nou te pataje yo ak poukisa. • N ap mete tout divilgasyon yo ladan l, eksepte sa ki gen rapò ak tretman, peman ak aktivite swen sante, ansanm ak sèten lòt divilgasyon (tankou sa ou te mande nou fè). N ap ba ou yon rapò detaye gratis chak ane, men n ap mande ou peye yon frè rezonab ki baze sou depans yo si ou mande yon lòt nan yon peryòd 12 mwa.
Jwenn yon kopi avi konfidansyalite sa a	• Ou kapab mande yon kopi avi sa a sou papye nenpòt ki lè, menm si ou te dakò resevwa avi a sou fòm elektwonik. N ap ba ou yon kopi sou papye san pèdi tan.
Chwazi yon moun pou aji nan non ou	• Si ou te bay yon moun yon pwokirasyon pou zafè medikal oswa si yon moun se gadyen legal ou, moun sa a kapab egzèse dwa ou yo epi pran desizyon konsènan enfòmasyon sou sante ou. • N ap verifye moun nan gen otorite sa a epi li kapab aji nan non ou anvan nou pran nenpòt mezi.
Depoze yon plent si ou santi yo vyole dwa ou yo	• Ou kapab pote plent si ou santi nou te vyole dwa ou yo. Pou fè sa, kontakte nou avèk enfòmasyon ki nan paj 1 an. • Ou kapab depoze yon plent nan Biwo Dwa Sivil Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini an lè ou: rele 1-877-696-6775, voye yon lèt nan: 200 Independence Avenue, S.W., Washington, D.C. 20201, oswa ale sou www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/complaints/ • Nou p ap pran sanksyon kont ou poutèt ou depoze yon plenty

Enfòmasyon Ou Yo

Kijan nou konn itilize oswa pataje enfòmasyon sou sante ou? Anjeneral, nou itilize oswa pataje enfòmasyon sou sante ou pou:

Ba ou tretman	Nou kapab itilize enfòmasyon sou sante ou epi pataje yo ak lòt pwofesyonèl k ap ba ou tretman.	**Egzanp**: Yon doktè k ap trete ou pou yon maladi mande yon lòt doktè enfòmasyon sou eta sante ou an jeneral. **Egzanp**: Sof si ou di nou pou nou pa fè sa, nou ka antre enfòmasyon ou yo nan yon sistèm echanj enfòmasyon sou sante (HIE), kote lòt pwofesyonèl sante ka jwenn aksè nan enfòmasyon yo pou kowòdone swen ou yo.

Finanse òganizasyon nou an	Nou kapab itilize epi pataje enfòmasyon sou sante ou pou bay sèvis, amelyore swen ou yo epi kontakte ou lè sa nesesè.	**Egzanp**: Nou itilize enfòmasyon sou sante ou pou jere kalite swen anplwaye nou yo ap ba ou.
Faktire sèvis ou resevwa yo	Nou kapab itilize epi pataje enfòmasyon sou sante ou pou voye fakti epi resevwa peman nan men plan asirans sante oswa lòt antite.	**Egzanp**: Nou bay plan asirans sante ou enfòmasyon sou ou pou li kapab peye pou sèvis ou resevwa yo.
Ki lòt fason nou kapab itilize oswa pataje enfòmasyon sou sante ou? Nou gen pèmisyon oswa obligasyon pou pataje enfòmasyon ou yo lòt fason – anjeneral, nan fason ki sèvi byen piblik la, tankou pou sante piblik ak rechèch. Nou dwe satisfè anpil kondisyon apre nou pataje enfòmasyon ou yo pou rezon sa yo. Pou plis enfòmasyon, ale sou: www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/understanding/consumers/index.html		
Ede nan zafè sante ak sekirite piblik	Nou kapab pataje enfòmasyon sou sante ou nan sèten sitiyasyon, tankou pou: • Anpeche maladi • Ede lè yo raple pwodui • Rapòte reyaksyon negatif ak medikaman • Rapòte ka abi, neglijans oswa vyolans nan kay yo sispèk	
Fè rechèch	Nou kapab itilize oswa pataje enfòmasyon ou yo pou rechèch sou edikasyon.	
Respekte lalwa	N ap pataje enfòmasyon sou ou si lwa eta a oswa lwa federal yo egzije sa, tankou avèk Depatman Sante ak Sèvis Sosyal la si li vle verifye nou respekte lwa federal sou konfidansyalite a.	
Travay avèk yon doktè lejis oswa yon direktè ponp finèb	Nou kapab pataje enfòmasyon sou sante avèk yon ofisye ankèt sou lanmò, yon doktè lejis oswa yon direktè ponp finèb lè yon moun mouri.	
Reponn demann ki gen rapò ak konpansasyon travayè, aplikasyon lalwa ak lòt demann gouvènman an	Nou kapab itilize oswa pataje enfòmasyon sou sante ou: • Pou demann konpansasyon travayè yo. • Pou rezon aplikasyon lalwa oswa avèk yon ajan ki responsab fè respekte lalwa. • Avèk ajans sipèvizyon sante pou aktivite lalwa otorize. • Pou fonksyon espesyal gouvènman an, tankou aktivite militè, sekirite nasyonal ak sèvis pwoteksyon prezidan an. • Nou kapab pataje enfòmasyon sou sante ou pou reponn yon lòd tribinal oswa yon lòd administratif, oswa pou reponn yon sitasyon legal.	
Pou tout enfòmasyon sou sante, ou kapab fè nou konnen chwa ou konsènan sa nou pataje. Si ou gen yon preferans klè sou fason nou pataje enfòmasyon ou yo nan sitiyasyon ki dekri anba yo, pale avèk nou. Di nou sa ou vle nou fè, epi n ap fè tout sa nou kapab pou suiv enstriksyon ou yo.		

Nan ka sa yo, ou gen dwa ak posiblite pou di nou pou nou	• Pataje enfòmasyon avèk fanmi ou, zanmi ou oswa lòt moun ki patisipe nan swen ou yo • Pataje enfòmasyon nan yon sitiyasyon kote y ap bay èd apre yon katastwòf. • Kontakte ou pou aktivite ranmasaj lajan. • Pataje sèten enfòmasyon sou tretman ou pou pwoblèm dwòg ak alkòl. Nou ka bezwen otorizasyon oral ou anvan nou kapab pataje enfòmasyon sa yo ak nenpòt moun. Si ou pa kapab fè nou konnen preferans ou, pa egzanp si ou san konesans, nou ka pataje enfòmasyon ou yo si nou kwè se sa ki pi bon pou ou.
Nan ka sa yo, nou pa janm pataje enfòmasyon ou yo sof si ou ban nou pèmisyon alekri	• Pou rezon maketing. • Vann enfòmasyon ou yo. Nou p ap janm vann enfòmasyon ou yo. • Pifò ka kote yo pataje nòt sikoterapi ou yo. Nou pa konsève nòt sikoterapi. • Pifò ka kote yo pataje nòt konsèy ou yo pou twoub itilizasyon sibstans (SUD). Nou pa konsève nòt konsèy pou SUD.

Responsablite Ou Yo

Lalwa egzije nou pwoteje konfidansyalite ak sekirite enfòmasyon sante pwoteje ou yo.

- N ap fè ou konnen san pèdi tan si gen yon vyolasyon ki ka mete konfidansyalite oswa sekirite enfòmasyon ou yo an danje.
- Nou dwe respekte obligasyon ak pratik konfidansyalite ki dekri nan avi sa a epi ba ou yon kopi li.
- Nou p ap itilize oswa pataje enfòmasyon ou yo lòt fason pase sa ki dekri la a, sof si ou di nou alekri nou kapab fè sa. Si ou di nou kapab fè sa, ou kapab chanje lide ou nenpòt ki lè. Fè nou konnen aloral si ou chanje lide ou.
- Pou plis enfòmasyon sou Avi sa a, kontakte Responsab Konfidansyalite HHSA avèk enfòmasyon pou kontakte li ki nan Paj 1 Avi sa a, oswa ale sou: www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/understanding/consumers/noticepp.html

Chanjman nan Kondisyon Avi sa a: Nou kapab chanje kondisyon avi sa a, epi chanjman yo ap aplike pou tout enfòmasyon nou genyen sou ou. Nouvo avi a ap disponib sou demann, nan biwo nou ak sou sit entènèt nou an.

- Dat Avi sa a antre an vigè se 19 oktòb 2026.

Dokiman Siplemantè pou Kliyan Epic yo

Kèk nan pwogram nou yo itilize yon dosye medikal elektwonik ki rele Epic pou konsève enfòmasyon moun k ap resevwa sèvis yo. Si w ap resevwa sèvis nan youn nan pwogram sa yo epi enfòmasyon ou yo konsève nan Epic, deklarasyon OCHIN ki anba a aplike pou ou tou.

Si ou pa sèten si enfòmasyon ou yo nan Epic, mande anplwaye yo oswa pwogram ki te ba ou dokiman sa a.

Konte San Diego fè pati yon aranjman swen sante òganize ki gen ladan patisipan OCHIN yo. Yon lis aktyèl patisipan OCHIN yo disponib sou www.ochin.org. Antanke yon patnè biznis Konte San Diego, OCHIN bay Konte San Diego ak lòt patisipan OCHIN yo sèvis teknoloji enfòmasyon ak sèvis ki gen rapò ak yo. OCHIN fè aktivite evalyasyon ak amelyorasyon kalite tou nan non patisipan li yo. Pa egzanp, OCHIN kowòdone aktivite revizyon klinik nan non òganizasyon k ap patisipe yo pou etabli estanda pi bon pratik yo epi evalye avantaj klinik ki ka soti nan itilizasyon sistèm dosye medikal elektwonik yo. OCHIN ede patisipan yo travay ansanm tou pou amelyore jesyon referans pasyan anndan ak deyò òganizasyon yo. Konte San Diego ka pataje enfòmasyon pèsonèl sou sante ou ak lòt patisipan OCHIN yo oswa yon sistèm echanj enfòmasyon sou sante sèlman lè sa nesesè pou tretman medikal oswa pou aktivite swen sante aranjman swen sante òganize a. Aktivite swen sante yo kapab gen ladan, pami lòt bagay, jeokodaj kote ou travay la pou amelyore avantaj klinik ou resevwa yo.

Enfòmasyon pèsonèl sou sante yo ka gen ladan enfòmasyon medikal pase, prezan ak enfòmasyon medikal ki pral genyen alavni, ansanm ak enfòmasyon ki dekri nan Règ sou Konfidansyalite yo. Nan mezi enfòmasyon yo divilge, y ap divilge yo dapre Règ sou Konfidansyalite yo oswa nenpòt lòt lwa ki aplikab, avèk amannman yo fè ladan yo detanzantan. Ou gen dwa chanje lide ou epi retire konsantman sa a, sepandan, yo ka deja bay enfòmasyon yo jan ou te pèmèt sa. Konsantman sa a ap rete an vigè jiskaske ou revoke li alekri. Si ou mande sa, y ap ba ou yon lis antite yo te divilge enfòmasyon ou yo bay.